

Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AGRANDISMAN YON PWOGRAM ANKADREMAN
POU VIKTIM ABI SEKSYÈL KI NAN PRIZON**

Liy asistans eta a pou sitiyasyon vyolans familyal ak seksyèl disponib kounye a nan tout prizon eta a pou ofri viktim yo konsèy nan sitiyasyon kriz, ankadreman ak defans

Kounye a Eta New York ofri sèvis ki pi konplè pou moun ki nan prizon nan nasyon an

Liy asistans la vin posib gras a yon finansman 2.5 milyon dola ki soti nan men Biwo Sèvis pou Viktim Eta a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse liy asistans eta a pou sitiyasyon vyolans familyal ak seksyèl la disponib kounye a pou moun ki nan prizon toupatou nan sistèm prizon eta a, ap ofri konsèy nan sitiyasyon kriz, epitou ankadreman, lòt konsèy ak defans pou moun ki se viktim agresyon oswa pèsèkasyon seksyèl. Avèk mizannèv sa a, New York gen pwogram ankadreman viktim ki pi konplè a pou sivivan pèsèkasyon seksyèl nan tout sistèm prizon nan nasyon an. Nimewo apèl dirèk 777 la disponib chak jou, nan lang angle, panyòl ak lòt lang, nan toulè 54 etablisman Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) eta a administre yo.

“Prizònye ki viv pèsèkasyon oswa agresyon seksyèl merite menm sèvis ankadreman pou viktim avèk nenpòt ki lòt Nouyòkè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou ofri sèvis esansyèl sa yo nan tout etablisman penitansye eta a, nou kapab garanti tout prizònye ki te viktim tip abi sa a jwenn konsèy yo merite a.”

“Nou dwe kontinye travay pou chanje kilti a epi kreye yon anviwònman san danje pou fanm yo kapab pale epi pou yo kapab kwè yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Sistèm prizon Eta New York la se sèlman setyèm nan nasyon an ki ofri yon liy asistans pou kriz kadejak pou tout eta a, epi se sèl li ki mete tèt ansanm avèk pwogram nan kominote a pou kriz kadejak ak agresyon seksyèl pou garanti moun yo resevwa ankadreman ak sèvis yo bezwen yo pou ede yo refè. Avèk agrandisman sa a, n ap pran mezi ki enpòtan pou garanti sekirite viktim yo ak yon anviwònman san danje pou tout fanm nan Eta New York.”

Selon Lwa pou Eliminasyon Kadejak nan Prizon (Prison Rape Elimination Act, PREA) federal la, eta yo oblije ofri sèten sèvis pou viktim krim seksyèl yo ki nan prizon. Sistèm prizon Eta New York la se sèlman setyèm nan nasyon an ki ofri yon liy asistans pou kriz kadejak pou tout eta a epi se sèl li ki mete tèt ansanm avèk pwogram nan kominote a pou kriz kadejak ak agresyon seksyèl pou garanti moun yo resevwa ankadreman ak

sèvis yo bezwen yo pou ede yo refè. Agrandisman sa a se rezilta plis pase 2.5 milyon dola finansman federal ak eta sou administrasyon Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) eta a.

Yo transfere koutfil yo fè nan nimewo apèl dirèk la, 777, bay Sèvis pou Kriz yo (Crisis Services) nan Buffalo, k ap administre Liy Asistans nan Sitiyasyon Vyolans Familyal ak Sèksyèl (Domestic and Sexual Violence Hotline) eta a depi 2010. Lè li resevwa yon koutfil soti nan yon prizon eta a, pèsònèl Sèvis pou Kriz yo ofri konsèy nan sitiyasyon kriz epi yo bay referans pou lòt sèvis nan sant PREA yo. Sant sa yo se yon rezo sis pwogram asistans pou viktim kadejak ki genyen kounye a toupatou nan eta a ki gen pèsònèl ki fòme espesyalman pou ede prizònye. Yo kenbe tout konvèsasyon yo konfidansyèl.

Biwo Sèvis pou Viktim nan te kapab soutni sa lè li te fin resevwa plis finansman nan kad Lwa sou Viktim Krim (Victims of Crime Act, VOCA) federal la, ki finance gras a amann, frè ak sipleman sèten kontrevenan yo kondane nan tribinal federal, pa kontribyab yo, peye. Pi presizeman, OVS te akòde:

- 2.1 milyon dola pou Kowalisyon Kont Agresyon Seksyèl (Coalition Against Sexual Assault) Eta New York la, ki te finance pwogram asistans pou viktim agresyon seksyèl pou yo ofri konsèy, defans ak lòt sèvis ankadremman pa telefòn, epi, nan sèten kote, vizit an pèsonn pèsònèl ki afilye avèk sis Sant PREA yo.
- 440,000 dola pou Biwo pou Prevansyon Vyolans Familyal (Office of the Prevention of Domestic Violence, OPDV) eta a, ki siyen kontra avèk Sèvis pou Kriz yo pou administre Liy Asistans nan Sitiyasyon Vyolans Familyal ak Seksyèl eta a. Finansman anplis la te pèmèt liy asistans la agrandi pou aksepte 777 koutfil soti nan tout etablisman DOCCS yo, pami yo etablisman pou kontrevenan adolesan ak kanpis pou tretman toksikomani an.

Direktè OVS la Elizabeth Cronin te deklare, “Viktim agresyon seksyèl yo, kèlkeswa sikonstans yo, merite jwenn konsèy, defans, ak sèvis ankadremman emosyonèl. Avèk patenarya sa a, nou kapab ede garanti moun sa yo gen resous yo bezwen yo pou refè apre donmaj fizik ak sikolojik tip krim sa a kapab koze. Pandan de lane ki sot pase yo, ajans sa a ranfòse nouvo patenarya epi li pote gwo ogmantasyon nan finansman pou pwogram toupatou nan eta a pou amelyore aksè a sèvis yo. Nou pran angajman touche - epi ede - tout viktim krim yo”.

Komisè Pa Enterim DOCCS Ian Anthony J. Annucci te deklare, “DOCCS se yo lidè nan efò nasyonal yo pou amelyore pratik koreksyonèl yo selon PREA. DOCCS rekonèt lè gen politik ak pratik solid anplas nan tout domèn Estanda PREA yo kouvri, sa gen ladan prevansyon, deteksyon ak entèvansyon lè gen kadejak ak pèsèkasyon seksyèl nan prizon, sa kontribye nan yon kilti zewo tolerans pou tout fòm vyolans seksyèl nan 54 etablisman li yo”.

Direktè Egzekitif OPDV a Gwen Wright te deklare, “Nan kad PREA, Liy Asistans nan Sitiyasyon Vyolans Familyal ak Seksyèl pou tout eta a anplwaye konseye ki fòme pou reponn a yon varyete bezwen sèvis tankou konsèy, enfòmasyon ak sèvis referans. Pou prizònye ki se viktim vyolans seksyèl, aksè konfidansyèl a tip resous sa a - kèlkeswa

kote yo ye nan eta a - kapab fè yon gwo diferans nan byennèt viktim nan epi kapab ba li ankadreman ak enstriksyon pou ede li vanse pou pi devan”.

Jiskaprezan, liy asistans nan sitiyaasyon vyolans famiyal ak seksyèl la okipe plis pase 650 koutfil nan men moun ki rele nan etablisman DOCCS yo depi li te kòmanse fonksyone nan dat 8 Janvyè 2019. DOCCS te kòmanse pa ofri Sèvis Amelyore pou Viktim (Enhanced Victim Services) an Mas 2014, avèk senk pwogram asistans pou viktim k ap ofri sèvis pou prizònye nan 27 etablisman penitansye. Finansman federal pou inisyativ sa a, ki t al jwenn DOCCS ak Kowalisyon Kont Agresyon Seksyèl Eta New York la, te bay yon total prèske 1.2 milyon dola epi se te Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services) eta a ki t ap administre li.

Kounye a, gen sis Sant PREA k ap sèvi 40 etablisman DOCCS, avèk 14 etablisman DOCCS ki rete yo k ap resevwa sèvis sitou nan men pwogram lokal asistans pou viktim ak sis Sant PREA yo selon nesosite. Sis Sant PREA yo se: Crisis Services, Inc. (Konte Erie), Crime Victims Treatment Center (Manhattan), RESTORE Sexual Assault Services (Konte Monroe), Safe Harbors of the Finger Lakes (Konte Ontario, Seneca, Yates), Pwogram Asistans pou Asèlman Seksyèl ak Viktim Krim la (Sexual Assault and Crime Victims Assistance Program) nan Samaritan Hospital (Konte Rensselaer), ak Sèvis Asistans pou Viktim lan (Victim Assistance Services) nan WestCOP, Inc. (Konte Westchester). Anplis de sa yo sipoze ajoute ant en ak de sant chak ane jiskaske gen kouvèti konplè pou sèvis suivi nan chak etablisman nan eta a.

Anplis, DOCCS te travay sou yon seri politik entèn ak pwosedi ki djanm pou fè fas oswa depase estanda federal PREA a, enkli, men pa limite ak sa yo sèlman:

- Tout pèsonèl ak moun ki nan prizon resevwa edikasyon ki konplè konsènan dwa ak responsablite yo selon politik DOCCS ak PREA a.
- Lè yo fè yon rapò, pèsonèl medikal DOCCS la founi tretman epi fè aranjman pou evalyasyon pa yon egzaminatè nan kesyon asèlman seksyèl nan yon lopital jan sa dwe fèt pou moun ki nan prizon an jwenn menm swen ke yon moun nan kominote a t ap resevwa.
- DOCCS ap elaji pwogram pou devlope konpetans/idantifye twomatis, rekonèt ke rive jwenn aksè ak sipò viktim ak sèvis pledwaye kapab ede yon moun ki te fè eksperyans viktimizasyon seksyèl trete twomatis la epi vin pi byen prepare lè li lage, ogmante chans yo pou kapab byen reyentegre kominote a.

Jessica Pirro, PDG Sèvis Kriz Buffalo ak Konte Erie, te deklare, “Lansman liy telefonik espesyalize nan tout eta a ak aksè ak Sèvis Kriz Vyolans lokal la se rezilta kolaborasyon ak yon gran patenarya ant gouvènman an ak sèvis kominotè yo. Nou vrèman kontan pou n kapab patisipe nan efò sa a ki vize pou pote bon jan sèvis pou sivivan ki nan prizon yo epi se yon lonè pou nou kòm founisè liy telefonik la”.

Joanne Zannoni, ki se Direktris Egzekitif Kowalisyon Kont Agresyon Seksyèl Eta New York (New York State Coalition Against Sexual Assault), te deklare, “Nou santi nou touche pa efò ak angajman tout moun sa yo ki te rann liy telefonik tout eta a yon reyalyte. Asistans telefonik lan se yon lòt etap nan vwayaj nou an pou asire aksè ak sèvis pou tout viktim asèlman seksyèl ki nan prizon”.

Karel R. Amaranth, MPH, MA, Direktè WestCOP/Sèvis Asistans pou Viktim yo, te deklare, “Sèvis Asistans pou Viktim yo ap bay sèvis ak moun ki nan prizon yo pandan 20 lane pase yo atravè gwoup entèmedyè viktim yo, epi pou senk lane pase yo kòm founisè Liy telefonik PREA a pou senk prizon Deta New York. Nou apèn angaje nou, ak sipò Biwo Sèvis Viktim NYS la, yon pwofesyonèl terapi apentan ki travay sou twomatis ak avoka PREA a pou sèvi moun ki nan prizon yo te itilize yo seksyèlman yo. Nou fyè pou n kapab an patenarya ak DOCCS ak OVS nan kontinye elajisman sipò emosyonèl ak pledwaye nan Koreksyon vè retablisman ak byennèt pou tout viktim agresyon seksyèl yo”.

Lindsey Crusan-Muse, Direktè Pwogram Asèlman Seksyèl ak Viktim Krim nan St. Peter's Health Partners te deklare, “Chak sivivan asèlman seksyèl, kèlkeswa moun yo ye a oswa kote yo ye, merite sèvis sipò pou ede yo kòmanse epi travay atravè pwosesis retablisman an. St. Peter's Health Partners fyè paske l te anmezi pou kolabore ak Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a ak Biwo Sèvis pou Viktim nan pou devlopman ak kwasans pwojè sa a. Nou felisite Eta New York la paske l te voye yon mesaj klè ke Asèlman Seksyèl, san eksepsyon, pa aksèptab”.

Jessica George, Espesyalis Edikasyon ak Sansibilizasyon PREA nan RESTORE, te deklare, “Kidonk anpil travay te fèt pou mete aksan sou pwoblèm asèlman seksyèl nan kominote nou yo, yo te souvan inyore vwa sivivan asèlman seksyèl ki nan prizon yo. Antanke avoka viktim ki angaje nan retablisman tout sivivan yo, epi antanke Nouyòkè, nou fyè pou n wè DOCCS ak OVS ap fè bon jan pa jiska jounen jodia pou fè tande sivivan ki nan prizon yo epi asire retablisman yo”.

Anina Hamilton, Direktè Pwogram pou Safe Harbors of the Finger Lakes, te deklare, “Safe Harbors of the Finger Lakes t ap tann ak enpasyans travay Liy telefonik Kriz Vyòl nan Tout Eta a. Liy telefonik sa a pral pèmèt sivivan asèlman seksyèl yo jwenn aksè ak pledwaye ak sèvis sipò atravè ajans kriz vyòl yo nan yon fason ki senplifye, epi pèmèt ajans yo founi plis sèvis ki konplè. Repons sa a vrèman enpòtan pou retablisman fizik ak emosyonèl viktim asèlman seksyèl yo”.

Rachel Herzog, Kowòdonatè Pwogram PREA nan Crime Victims Treatment Center yo, te deklare, “Aksè imedyà ak entèvansyon kriz twomatis ak sèvis jiridik pou viktim ki baze sou konpasyon kapab vrèman enpòtan pou pwosesis retablisman pou sivivan vyolans seksyèl yo. Nou vrèman kontan ke liy telefonik PREA nan Tout Eta a pral fè sèvis sa yo plis aksesib pase jan l pa t janm ye anvan pou sivivan ki nan prizon nan Eta New York la, epi rekonèt bon jan travay an kolaborasyon ant DOCCS, OVS, ak kominote sèvis viktim ki te rann pwogram sa a posib. Nou fyè pou n ofri sèvis terapi nou an ak sivivan ki nan prizon yo kòm asosye nan inisyativ vital sa a”.

Linda McFarlane, Direktè Egzekitif Adjwen Just Detention International, te deklare, “Tout sivivan agresyon seksyèl, enkli sivivan ki nan prizon, bezwen epi merite bon jan sèvis kriz sou vyòl. Avèk lansman nouvo pwogram Liy telefonik Kriz sou Vyòl nan tout eta a, nan kolaborasyon sere ak Patenarya Sipò Emosyonèl ak Sèvis Jiridik la (Victim Advocacy and Emotional Support Partnership), Eta New York sou wout pou vin yon lidè nan asire sekirite ak diyite moun nan etablisman li yo. Sèvis sa yo pral rann prizon New York yo pi sekirize epi asire ke sivivan agresyon seksyèl yo jwenn èd yo bezwen an”.

Pandan tout tan li a nan biwo, Gouvènè Cuomo te fè de pwoteksyon tout viktim asèlman seksyèl yo yon priyorite. Nan kòmansman lane sa a, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon ki te pwolonje peryòd tan yo ka konsève twous koleksyon prèv enfraksyon seksyèl yo nan lopital yo soti 30 jou rive 20 lane, sa k ap ofri viktim yo tan ak espas pou yo retabli yo avan yo deside kontakte otorite yo. Anplis, lwa "Enough is Enough" (Nou di se ase) New York la, ke Gouvènè Cuomo te pwomouvwa a, se lwa ki pi solid nan nasyon an pou konbat asèlman seksyèl sou kanpis inivèsite yo.

Liy Asistans nan Sitiyasyon Vyolans Familyal ak Seksyèl eta a disponib pou referans ak asistans 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn nan 1-800-942-6906 oswa 711 pou moun ki soud oswa moun ki tande di.

Biwo Sèvis pou Viktim nan ofri yon rezo sekirite pou viktim krim ak/oswa manm fanmi yo, asiste moun ki elijib pou depans medikal ak depans sipò sikolojik yo, depans finerè ak antèman, pèt salè ak sipò, anplis de lòt asistans ankò, tout sa yo p ap koute kontribyab yo anyen. Ajans lan te finanse tou 222 pwogram asistans pou viktim ki ofri yo sèvis dirèk, ki gen ladan sipò sikolojik, sèvis pledwaye, ak sèvis legal, toupatou atravè eta a. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou liy direktris yo ak kote w ka jwenn yon pwogram asistans pou viktim, vizite www.ovs.ny.gov oswa rele 1-800-247-8035.

Biwo pou Prevansyon Vyolans Familyal la konseye Gouvènè Lejislati a sou politik ak pratik eta a; fòme pwofesyonèl nan tout disiplin toupatou nan eta a konsènan kanpe vyolans domestik nan pratik kotidyen yo; epi sèvi kòm yon resous pou pwoblèm vyolans domestik pandan y ap fè kanpay sansibilizasyon pou piblik la regilyèman, piblikasyon materyèl pou itilizasyon òganizasyon ki pa gen objektif pou fè pwofi yo ak viktim epi mete aksan sou pi bon pratik yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite www.opdv.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)